


KONSÒSYÒM PLANIFIKASYON VIH NAN CONNECTICUT




Bilten Nouvèl/Otòn 2023

CHPC (Konsòsyòm Planifikasyon VIH nan Connecticut) se yon gwoup prevansyon ak planifikasyon swen entegre nan tout eta a ki gen plizyè patnè—ki gen ladan moun k ap viv ak VIH.

Tès VIH Woutin se isit la, CT!

Ansanm, nou ka mete fen nan epidemi VIH la. Pou plis enfòmasyon, vizite test-ct.org

Dì Tout Moun pou yo Fè Depistaj ak Tès



PWEN ENPÒTAN BILTEN NOUVÈL LA

Kowalisyon Sante Seksyèl nan Connecticut

Pwen Esansyèl sou Manm CHPC: Angel Ruiz

Nan Ka Ou Rate I: Prezante kèk fòmasyon ak resous yo te ofri nan CHPC dènyèman

Sijè Tandans: Cabenuva - Medikaman enjektab kont VIH ki dire lontan

Evènman ki gen pou Fèt ak Jounen Sansibilizasyon yo

Rezilta Sondaj Evalyasyon Bezwen Prevansyon VIH Depatman Sante Piblik (Department of Public Health, DPH) la

Wòl yon Espesyalis nan Entèvansyon kont Maladi

TÈS VIH WOUTIN NAN CT

Kòm an 2019, anviwon 1.2 milyon moun nan Etazini te gen VIH, epi yo estime ke 13% ladan pa konnen estati yo. Prèske 40% nan nouvo

“Li posib pou viv lontan ak byen ak VIH ak tès bonè, swen ekspè ak chwa ki an sante.”

—Alex Garbera

enfeksyon VIH yo transmèt pa mwayen moun ki pa konnen yo gen viris la. Pou moun ki pa dyagnostike ak VIH, tès la se premye etap pou w gen yon lavi an sante ak anpeche transmisyon VIH. Depistaj woutin VIH se youn nan sis estrateji yo rekòmande pou mete fen nan epidemi VIH nan Connecticut ke Komisyon an te etabli an 2018. Apati 1 janvyè 2023, yo pral ofri

tout moun ki gen plis pase 13 an yon tès VIH nan anviwònman swen prensipal yo, sepandan, pasyan an ka refize fè tès la. Yon bagay ki anvigè tou, yo pral ofri tout moun ki gen plis pase 13 an yon tès VIH nan sèvis ijans yo sof si y ap trete yo pou yon ijans ki menase lavi yo, yo refize fè tès la, oswa yo pa kapab refize fè tès yo.

Etid yo montre ke pi bonè moun yo konnen sityasyon VIH yo epi kòmanse tretman VIH apre dyagnostik, se plis sa ap benefisye

“Objektif la se bay aksè a tès nan plizyè kote diferan epi pa sèlman nan anviwònman swen prensipal tradisyonèl yo.”

—Dr. Michael Virata, Yale

yo. Tretman VIH la diminye kantite VIH ki nan san an, diminye maladi ki gen rapò ak VIH, epi anpeche transmèt li bay lòt moun. Moun ki fè tès epi ki aprann yo pa genyen VIH ka pran desizyon konsènan sèks, itilizasyon medikaman ak swen sante ki ka ede yo pran VIH.



**Tell Everyone
to Screen & Test**

<https://endthesyndemicct.org/>

POUKISA TÈS VIH LA ENPÒTAN

- Nou ka prevni ak trete VIH, kidonk fè tès ak tretman bonè se yon bagay ki enpòtan.
- Nan pifò ka yo, se moun ki pa konnen yo genyen VIH ki transmèt li.
- Moun ki konnen yo genyen VIH kapab pwoteje tèt yo ak pwoteje lòt moun.
- Moun ki kòmanse tretman bonè gen pi bon rezilta sante epi yo ka viv yon lavi ki long ak an sante.

SÈL FASON POU W KONNEN SI W GEN VIH SE LÈ W FÈ YON TÈS

- Moun ki kòmanse tretman epi ki kontinye gen yon kantite viris ke yo pa ka detekte pa ka transmèt li bay lòt moun nan fè sèks.

Eskane kòd QR la pou w jwenn aksè nan bwat zouti tès VIH la



TRETMAN VIH KÒM PREVANSYON: MEDIKAMAN ENJEKTAB KONT VIH KI DIRE LONTAN

Moun ki gen VIH (PWH) ki pran medikaman VIH jan yo preskri yo a ka diminye kantite VIH nan kò a nan yon nivo ki ba. Pifò PWH (moun ki gen VIH la) ka kontwole viris la nan 6 mwa apre yo kòmanse tretman an. Avantaj represyon viral la gen ladan yon sistèm iminitè pi solid, mwens risk pou transmisyon VIH bay nenpòt patnè seksyèl, ak mwens risk pou transmèt VIH bay tibebe pandan gwosès oswa bay tete.

Pifò tretman VIH yo fèt pa mwayen grenn ou dwe pran chak jou. Sa vle di PWH la dwe asire li gen aksè nan famasi, sere medikaman yo byen, epi sonje pran yo chak jou nan bon moman an ak jan yo rekòmande yo. Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) Etazini te apwouve medikaman yo ka enjekte pou VIH ki dire lontan. Pa egzanp, yo itilize piki (entramiskilè) pou bay Cabenuva chak mwa oswa chak lde mwa bay PWH ke yo siprime viralman epi ki sou yon rejim tretman VIH ki estab ki pa gen okenn ki di l rate nan tretman an epi ke yo pa okouran oswa sispèk li te montre rezistans ak cabotegravir oswa rilpivirine. Pou plis enfòmasyon sou Cabenuva, ale sou <https://www.cabenuva.com>.

Depatman Sante Piblik nan Connecticut (Connecticut Department of Public Health, CT DPH) administre Pwogram Asistans Medikaman SIDA nan Connecticut (Connecticut AIDS Drug Assistance Program, CADAP) ki ede moun ki gen revni fèb jwenn medikaman esansyèl pou jere VIH ak kondisyon ki asosye yo. PWH ka jwenn èd avèk pri prim asirans sante yo sou plan asirans sante ki apwouve yo atravè Pwogram Asistans pou Prim Asirans nan Connecticut (Connecticut Insurance Premium Assistance, CIPA). Pou plis enfòmasyon sou CADAP oswa CIPA, ale sou <https://ctdph.magellanrx.com>. Sèl fason pou konnen si w gen yon chaj viral ki pa detektab se lè w fè tès regilyèman. Ou dwe fè tès pou lòt maladi yo transmèt nan fè sèks tou! Tretman VIH la pa pwoteje kont MST (Maladi yo Transmèt nan Fè Sèks) yo.


#StopHIVStigma

- LÈ YO PA KA
DETEKTE

I nan ou menm, sa vle di w se yon moun ki gen VIH ki ka mennen yon lavi ki long ak an sante.



PWEN ESANSYÈL SOU MANM CHPC: ANGEL RUIZ



Pèmèt nou prezante w youn nan nouvo manm CHPC nou yo: Angel Ruiz Angel (yon gason) soti nan Rincon, Pòtoriko. Li ap viv nan peyi Etazini pandan pi fò pati nan lavi l epi kounye a li abite nan Manchester, CT.

Angel te jwe yon wòl nan CHPC kòm yon manm kominote a pandan plizyè ane e li te deside ke li te vle vin yon manm konplè paske li te wè ki jan CHPC te travay an nan tèt kole ak moun ki enterese yo pou kaapb benefisyè moun ki fè pati kominote VIH la. Li non sèlman pote nan mitan nou yon bann eksperyans pèsònèl nan zafè rekiperasyon alontèm, men tou li travay yon fason pwofesyonèl pou defann moun ak fanmi k ap viv ak VIH/SIDA. Aktyèlman Angel travay ak pwogram VIH Pedyatrik pou Jèn ak Fanmi Timoun nan Connecticut (Connecticut Children's Pediatric Youth and Family HIV) yo antanke yon Travayè Sante Kominotè ki founi jesyon ka, konsèy ak tès VIH, ak edikasyon sou sante seksyèl pou fanmi ak jèn yo atravè eta a. Nou espere ke yon jou VIH/SIDA pral yon bagay nan tan pase epi nou ka prevwa, avèk tout efò nou kontinye ap fè yo, rèv sa a ka pa lwen reyalize!

Kisa ki fè ou vle vin yon manm CHPC?

Pandan plizyè ane, mwen te patisipe kòm yon manm kominote a. CHPC fè yon travay estrawòdinè nan konvoke moun ki enterese yo pou yo vin travay ansanm nan avantaj moun n ap sèvi yo. Sitou, menm moun k ap sèvi sa yo fè pati gwoup k ap pran desizyon nan CHPC tou. Kòm yon manm CHPC, mwen pote non sèlman konesans mwen genyen nan travay nan domèn sa a, men tou, mwen pote pwòp eksperyans mwen te viv kòm yon moun nan rekiperasyon alontèm.

Eksperyans pwofesyonèl nan sante ki enpòtan

Mwen te kòmanse travay nan domèn sante piblik nan fen ane 1990 yo pou sèvi moun ak fanmi ki gen VIH/SIDA. Eksperyans bonè sa yo te ranfòse angajman mwen pou m sèvi popilasyon ki gen plis risk yo atravè prevansyon ak defans. Enpak VIH sou kominote koulè yo te mete aksan sou diferans nan sante ki genyen ke mwen te obsève dirèkteman chak jou. Mwen te konprann enpòtans pou m patisipe nan kowalisyon ak rezo pou defann chanjman yo. Pou kominote Latino yo, gen anpil lòt obstak ki te ajoute nan faktè risk yo ke mwen pèsònèlman rekonèt. Apre travay mwen nan New York, mwen te gen chans rantre nan Latino Community Services, Inc. kote m te

okipe plizyè wòl pandan plizyè ane.


Pandan dis ane ki sot pase yo, mwen te travay kòm yon Travayè Sante Kominotè k ap fè jesyon ka, Konsèy ak Tès VIH, Sansibilizasyon, Edikasyon Sante Seksyèl pou Jèn, ak plizyè lòt wòl nan Pwogram VIH Pedyatrik pou Jèn ak Fanmi CT Children's (ki ap sèvi jèn ak fanmi yo pandan plizyè dizèn ane). Ekipe mwen travay avèk yo a gen ladann moun dinamik ki pataje pwòp pasyon mwen pou ede lòt moun. Mwen reve jou kote VIH/SIDA se ap yon bagay nan tan pase. Gras ak efò kòlèg mwen yo ak anpil lòt moun, rèv sa a sanble pa tètman lwen. Antretan, nou kontinye travay chak jou pou kenbe sante ak byennèt moun yo.

Pataje yon enfòmasyon enteresan si w alèz.

Mwen goche, kidonk mwen fè pifò aktivite tankou voye yon boul bezbòl ak men gòch mwen. Sepandan, mwen ekri ak men dwat mwen.


PLAN ENTEGRE PREVANSYON AK SWEN VIH NAN CONNECTICUT 2022-2026

Plan VIH nan tout Eta a bay yon plan sou fason Connecticut gen entansyon mete fen nan epidemi VIH la. Prensipal responsablite CHPC se pou elabore ak mete ajou Plan sa a. CHPC te soumèt dènnye plan li bay gouvènman federal la an desanm 2022. CHPC rasanble patnè yo epi sèvi ak done pou fè Plan an tounen yon dokiman “vivan”. Pa egzanp, figi ki anba a montre kijan gason omoseksyèl ak biseksyèl reprezante pifò moun ki dyagnostike ak VIH (2020). Done yo enfòmè, CT rekonèt enpòtans pou angaje founisè Ryan White pou amelyore rezilta sante tout moun k ap viv ak VIH epi pa sèlman moun k ap resevwa sèvis Ryan White.



Plan an reprezante yon apèl a aksyon pou kominote nou yo ak patnè nou yo pou yo adrese pwoblèm yo epi pou ede diminye diferans ki genyen pami popilasyon priorite yo. Li enkli estrateji prevansyon ak swen epi revize chanjman nan done yo pou ajiste estrateji prevansyon ak swen an repons a chanjman nan epidemi an ak lòt faktè tankou nouvo medikaman prevansyon ak tretman, chanjman nan lwa, ak chanjman nan kapasite sèvis founisè yo. Plan an konekte estrateji prevansyon ak swen VIH ak efò ki sanble yo ki fèt pou diminye epatit, maladi ki transmèt nan fè sèks ak pwoblèm itilizasyon sibstans. Yo montre yon rezime plan an anba a. Vizite sitwèb CHPC pou li tout Plan an. <https://cthvplanning.org/>

 ANPECHE	Objektif 1: Diminye nouvo enfeksyon VIH a 176 jIAK 2026 (220 baz referans 2019).
 AMELYORE REZILTA SANTE KI GEN RAPÒ AK VIH	Objektif 2: Rive nan yon pousantaj represyon chaj viral 95% pami PLWH ki nan swen jiska 2026 (pa rapò ak 90% an 2019) ak yon pousantaj represyon chaj viral 87% pami moun ki gen VIH dyagnostike (pa rapò ak 74% an 2019).
 REDUI DISPARITE	Objektif 3: Redwi disparite ki gen rapò ak VIH ak inegalite nan zafè sante.
 AMELYORE KOWÒDINASYON	Objektif 4: Rive nan efò entegre, kowòdone ki redui epidemi VIH la atravè tout patnè ak pati ki entereze yo.



APÈL POU AJI: CONNECTICUT FÒME KOWALISYON POU SANTE SEKSYÈL



KISA MWEN KA FÈ POU ANPECHE M PRAN IST/MST AK VIH?


Si w aktif seksyèlman, ou ka fè bagay sa yo pou diminye chans ou genyen pou w trape MST ak VIH:

- Chwazi aktivite sèks ki gen mwens risk
- Sèvi ak yon nouvo kapòt, regilyèman ak kòrèkteman, pou chak zak sèks nan vajen, nan twou dèyè ak nan bouch pandan tout zak sèks la
- Diminye kantite moun ou fè sèks avèk yo
- Limite oswa elimine itilizasyon dwòg ak alkòl anvan ak pandan sèks
- Fè yon chita pale onèt ak ouvè avèk founisè swen sante ou epi mande si w ta dwe fè tès pou MST ak VIH.
- Pale ak founisè swen sante w la epi chèche konnen si swa pwofilaksi anvan ekspozisyon, oswa PrEP, oswa pwofiklaksi apre ekspozisyon, oswa PEP, se yon bon opsyon pou ou pou anpeche enfeksyon VIH.

Sous: Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi VIH/ SIDA ak MST

Plan VIH nan tout Eta Connecticut la gen ladann patenarya pou rezoud lòt pwoblèm sante ki plis gen rapò ak VIH tankou epatit, pwoblèm itilizasyon sibstans (SUD), ak maladi yo transmèt nan fè sèks (MST). Lè w gen MST, sa ka ogmante chans pou trape VIH. Poukisa? Konpòtman ak sikonstans ki ogmante risk pou trape yon MST yo se menm bagay pou VIH. Yon egzanp se lè w fè sèks san pwoteksyon. MST yo ka evite epi yo ka trete. Kantite ka MST yo rapòte nan Connecticut rete twò wo (gade grafik enfòmasyon). Depatman Sante Piblik Connecticut (CT DPH) te etabli yon Kowalisyon Sante Seksyèl nan tout eta a ki rasanble divès patnè - moun ak founisè yo, pou elabore yon plan estratejik kote rezidan Connecticut yo ka rive genyen pi bon sante seksyèl. Kowalisyon an pral idantifye estrateji nan domèn tankou sansibilizasyon ak edikasyon, prevansyon, tès, lyen ak swen, tretman, done ak sistèm responsablite epi devlopman pwofesyonèl. Kontakte Arleen Lewis (Arleen.Lewis@ct.gov) pou plis enfòmasyon oswa pou patisipe.

Sitiyasyon MST yo nan CT



MST yo kontinye ogmante
nan Connecticut malgre
yo ka prevni ak trete.



14,749
ka klamidyà
Bès 3% depi 2019



5,405
ka gonore
Ogmantasyon 22% depi 2019



329
ka sifilis
Ogmantasyon 56% depi 2019



6
ka sifilis pami tibebe
ki fenk fèt yo
Yo rapòte pifò ka yo nan CT
nan yon ane

www.cdc.gov/std/

Eskane kòd pou
apran plis





Aprann plis sou rezilta
Evalyasyon Bezwen pou
Prevansyon VIH DPH la lè w
eskane kòd ki anba a:



SONDAJ EVALYASYON BEZWEN POU PREVANSYON VIH DPH

Depatman Sante Piblik Connecticut (CT DPH) te dirije koleksyon done pou premye sondaj Evalyasyon Bezwen pou Prevansyon (Prevention Needs Assessment, PNA) VIH nan tout Eta a. 2,038 moun ki sanble te resevwa sèvis prevansyon VIH te ranpli sondaj la pandan oktòb 2022 rive desanm 2022. Nan moun ki reponn yo, 43% te Blan, 24% te Nwa oswa Afriken Ameriken, ak 19% te Ispanik/Latino. Sondaj PNA a kolekte enfòmasyon atravè 10 domèn. Rezilta sondaj PNA yo pral itilize pou idantifye twou vid ki genyen nan tès VIH, pou amelyore sèvis prevansyon VIH, epi pou idantifye nenpòt lòt obstak nan sèvis prevansyon VIH. CHPC ap travay nan tèt kole ak CT DPH pou konprann kijan enfòmasyon sa yo afekte estrateji nan Plan VIH nan tout Eta a ansanm ak plan travay Komite CHPC yo. Klike isit la a pou w wè yon prezantasyon rezime sondaj PNA VIH nan tout Eta a.

Tès VIH:

- 81% te rapòte ke yo te resevwa yon tès VIH pandan lavi yo, ak 73% te teste negatif pou VIH.
- Klinik/sant sante 28% ak sit tès VIH 23% se te kote ki pi komen pou fè tès VIH.
- 33% rapòte ke yo te refize yo tès VIH nan yon sèten moman.

Pwofilaksi Anvan Ekspozisyon (PrEP):

- 80% te tande pale de PrEP, sèlman 23% t ap pran li an reyalite.
- Rezon prensipal ki fè yo pa pran PrEP se paske yo pa te remake bezwen pou pran li 57% epi enkyetid sou vi prive ak asirans 35%.

Pwofilaksi apre Ekspozisyon (PEP):

- 76% te tande pale de PEP, ak 27% rapòte itilizasyon anvan.
- 11% nan patisipan yo te rapòte difikilte pou jwenn aksè ak PEP, ki gen ladan yo deyò entèval 72 èdtan 38% ak malèz pou diskite sou li ak founisè swen sante (27%).

Tès IST:

- 60% nan patisipan yo rapòte ke yo te fè tès pou nenpòt IST nan 12 dènye mwa yo.
- 20% nan patisipan yo te teste pozitif pou gonore oswa sifilis nan dènye ane a.

Sante Mantal:

- 31% rapòte ke yo santi estrès, deprime, san espwa, izole, oswa enkyè pandan 3 a 6 jou sou 30.
- 35% rapòte yo te gen lide swisid nan 12 dènye mwa yo.

Pwoblèm lilizasyon Sibstans:

- 49% rapòte yo pa janm enjekte dwòg, pandan ke 34% rapòte yo te enjekte dwòg nan 12 mwa ki sot pase yo, ak 16% rapòte yo te enjekte dwòg plis pase 12 mwa de sa.

Itilizasyon Dwòg:

- 40% rapòte yo pa janm sèvi ak dwòg, 33% rapòte ke yo itilize kanabis oswa K2, ak 29% rapòte ke yo itilize estimilan.
- Lè yo te mande yo si yo te vle sispann sèvi ak dwòg, 52% te di Non.

NAN KA OU RATE L

VIV NAN KOULÈ, PA SÈLMAN NAN PANSE. KONEKTE ENTÈSEKSYON W YO ATRAVÈ SANTE MANTAL

Plan VIH nan tout Eta a mete aksan sou rediksyon estigmatizasyon ak rediksyon disparite ak inegalite. Gen yon wo nivo mefyans ak santiman estigmatizasyon nan kominote koulè epi li afekte aksè ak sèvis sante ak sante mantal yo. CHPC pran angajman pou l adrese pwoblèm tankou estigma, enjistis sosyal ak rasis atravè diskisyon k ap kontinye. Diskisyon panèl sa a te vize akonpli twa bagay: 1.) elaji sansibilizasyon sou estigmatizasyon jan li gen rapò ak sèvis sante mantal; 2.) ogmante konesans ak nivo konfò pou adrese estigma; ak 3.) montre kèk nan travay enkwayab y ap fè nan CT. Twa manm panèl la enkli: Chevelle Moss-Savage, HEAL Consulting; Nichole Mayweather-Banks, Changing FACES, LLC; Bianca Alexis-Sylvain, Mind Body Rise, LLC.



Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon

VIH AK LOJMAN: SA OU DWE KONNEN

Kalkil anyèl 2022 popilasyon sanzabri nan Connecticut montre kantite moun ki te nan sitiyan sanzabri yo te ogmante pou premye fwa nan prèske yon deseni. Lojman se youn nan detèminan sosyal ki pi enpòtan nan sante epi li enpòtan pou mete fen nan epidemi VIH la. Panèl sa a te reyini pou diskite sou sa chak founisè sèvis sosyal/ sèvis pou moun pou VIH dwe konnen sou resous ak pwosesis lojman nan Connecticut.

Manm nan panèl pou evènman sa a enkli: Steve DiLella, MA: Direktè, Pwogram Sipò Endividyèl ak Fanmi, Depatman Lojman nan CT. Amber Freeman, MA: Direktè Fòmasyon, Asistans Teknik ak Enpak Kominotè, Kowalisyon Connecticut Coalition pou Mete Fen nan Sanzabri. Erika Mott, LMSW, CHW: Direktè Prensipal Pwogram, Advancing CT Together. Doktè Anthony Santella, ko-prezidan komite Pwojè Evalyasyon Bezwen (NAP) CHPC a te fasilite diskisyon panèl la.



Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon

MWA NASYONAL SANSIBILIZASYON SOU SIDA MOUN NWA AK JOUNEN NASYONAL SANSIBILIZASYON SOU VIH/SIDA KAY FANM AK TI FI

An rekonesans Mwa Nasyonal Sansibilizasyon sou SIDA Moun Nwa ak Jounen Nasyonal Sansibilizasyon sou VIH/SIDA kay Fanm ak Ti fi ak tèm ane sa a, "Prevansyon ak Tès nan Tout Laj; Swen ak Tretman nan Tout Etap", Pwogram Sante Kominotè Jèn ak Fanmi CT Children's/UConn te rasanble yon gwoup dinamik fanm ak ti fi fenomenal ki se desandan dyaspora Afriken, avèk entansyon pou kreye yon espas kote relasyon ant fanm yo, swen pwòp tèt yo, yo tout ka devlope. Nan sèvi ak son, meditasyon ak manje kòm zouti gerizon, Calvin te bay yon meditasyon gide lè l sèvi avèk bòl tibeten, teknik respirasyon ak lòt teknik. Fanm yo te pataje enpak pozitif li te genyen pou yo lè l te pèmèt yon espas pou gerizon epi pèmèt antre an kontak ak lespri, kò ak nanm. Pou entèkansyon yo ka efikas, vwa eksperyans inik fanm ak ti fi yo ak pwennvi global yo dwe nan sant nenpòt rechèch ak konsepsyon entèkansyon pou ka gen siksè nan elimine VIH.

RETE KONEKTE. LI BON POU SANTE W!

Solitud se lè w santi w poukont ou, menm lè w gen anpil kontak sosyal. Izòlman sosyal se yon mank koneksyon sosyal epi li ka mennen nan solitud.

Yon dènye rapò ki soti nan Akademi Nasyonal Syans, Jeni, ak Medsin sijere ke 1 nan 3 adilt ki gen laj 45 an ak plis santi yo poukont yo, e ke prèske 1 nan 4 adilt ki gen laj 65 an oswa plis izole sosyalman.

Rapò a mete aksan sou solitud pami lòt gwoup tankou imigran; popilasyon madivin, masisi, biseksyèl, ak transeksyèl (LGBT); ak minorite yo.

Popilasyon LGBT yo gen tandans fè eksperyans plis solitud pase kamarad etewoseksyèl yo akòz estigma, diskriminasyon, ak difikilte pou swen. Elimine estigmatizasyon ak diskriminasyon se yon priyorite nan Plan VIH Entegre nan tout Eta a!

Poukisa li enpòtan? Gen gwo prèv ki montre izòlman sosyal ak solitud afekte rezilta sante yo. Pa egzanp, izòlman sosyal te asosye ak yon ogmantasyon 50% nan risk pou demans. Lòt prèv asosye ak solitud ki gen pi gwo pousantaj depresyon, enkyetid, ak swisid.

Rete konekte. Tcheke moun ou yo. Manm fanmi w yo. Zami w yo. Lidè oswa manm kominote relijye w oswa gwoup sipò ant kamarad. Kontakte founisè swen sante w yo epi fè yo konnen ki jan w santi w.

Si oumenm oswa yon moun ou konnen gen difikilte, li nòmal pou w pataje santiman ou. Si w pa gen okenn lòt kote pou w tcheke, rele 988 ki pral konekte w avèk sèvis sante mantal ak prevansyon swisid.

KNOW THE NUMBER

988

**Liy Sekou pou
Prevansyon Swisid ak
Kriz Sante Mantal**

Gratis, konfidansyèl, ak
disponib 24/7/365

911

**Ijans Medikal ak
Sekirite Piblik**

Gratis ak disponib
24/7/3655

211

Liy Sipò Resous

**(Lojman, sante mantal,
itilizasyon sibstans,
transpò ak plis ankò)**

Gratis ak disponib
24/7/365



WÒL YON ESPESYALIS NAN ENTÈVANSYON KONT MALADI

Espesyalis Entèvansyon kont Maladi (Disease Intervention Specialists, DIS) jwe yon wòl enpòtan nan mete fen nan epidemi VIH la. DIS yo responsab pou chèche kontak oswa idantifye sous maladi a pou ede limite pwopagasyon li. Sa gen ladann jwenn ak angaje moun ki te dyagnostike ak yon maladi yo dwe rapòte tankou yon Maladi yo Transmèt nan Fè Sèks (MST) oswa VIH. DIS revize rapò laboratwa ak enfòmasyon founisè swen sante yo mande ke lalwa egzije pou yo pataje enfòmasyon pou diminye risk endividyèl ak sante piblik. DIS fè evalyasyon risk, bay seyans

konsèy, konekte moun ak sèvis PrEP ak lòt resous tretman ak swen. Li enpòtan pou pale ak patnè yo sou yon MST oswa VIH. Sa ka difisil. DIS ka ede avèk pwosesis sa a. Pwosesis DIS sa a konfidansyèl epi fèt ak konpasyon. Travayè DIS la ap reponn kesyon yo epi ankouraje moun sa yo pou yo fè tès pou yo ka pran swen tèt yo ak moun yo renmen yo. Gade videyo 2 minit sa a pou w aprann plis sou pwosesis la. <https://www.youtube.com/watch?v=oRqTxROMGb4>

Depatman Sante Piblik Connecticut (CT DPH) òganize DIS li a an de(2)



rejon avèk sant nan Hartford ak New Haven. Pou plis enfòmasyon, kontakte dirijan sant DIS yo. Nan Hartford kontakte Kimberly Williams (Kimberly.williams@ct.gov) epi nan New Haven kontakte Nathan Santana (Nathan.santana@ct.gov). Sonje selebre jounen nasyonal rekonesans DIS la nan 6 oktòb 2023!



ÈSKE W ENTERESE KONTRIBIYE NAN PWOCHEN BILTEN NOUVÈL CHPC A?

Kontakte Prezidan Komite pou Manm ak Sansibilizasyon (Membership and Awareness Committee, MAC) CHPC a dante. gennaro@yale.edu oswa pèsonèl sipò komite a Ken Plourd (plourd@xsector.com)

NOU BEZWEN NOUVO MANM CHPC

Èske w enterese vin manm CHPC? Èske w se yon manm kominote founisè prevansyon ak swen VIH la? Èske w se yon moun ki gen VIH oswa ki te fè eksperyans avèk sistèm jistis la, pwoblèm itilizasyon sibstans, epatit, maladi yo transmèt nan fè sèks oswa PrEP? Èske w kapab patisipe nan reyinyon CHPC yo soti **9:00 am jiska 12:30 pm nan twazyèm mèkredi chak mwa?** Manm CHPC ki elijib yo jwenn kèk kòb ak sipò pou transpò!



DON SAN KOUNYE A PLIS ENKLIZIF POU KOMINOTE LGBTQ+ LA

Nan dat 7 out 2023, Lakwa Wouj Amerikèn te kòmanse sèvi ak yon nouvo evalyasyon donatè endividyèl pou tout donatè san kèlkeswa sèks oswa oryantasyon seksyèl. Pou di sa yon lòt fason, kesyon yo se pral menm nan pou chak donatè. Chanjman sa a reflekte dènnye rekòmandasyon Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA) nan Etazini pou redwi risk pou transmisyon VIH atravè transfizyon. Nouvo apwòch la elimine peryòd datant ak kesyon depistaj espesifik pou gason ki fè sèks ak gason (MSM) ak fanm ki fè sèks ak MSM.


Direktiv yo toujou egzije yon peryòd datant pou kèk moun. Tout donatè potansyèl ki rapòte yo gen yon nouvo patnè seksyèl, oswa plis pase yon patnè seksyèl nan twa mwa ki sot pase yo, ak sèks nan twou dèyè nan twa mwa ki sot pase yo, ap toujou bezwen tann pou diminye chans pou moun ki gen nouvo enfeksyon VIH oswa ki resan bay san. Epitou, moun ki pran medikaman pou trete oswa anpeche enfeksyon VIH tankou terapi antiretwoviral (ART), pwofilaksi anvan ekspozisyon (PrEP) ak pwofilaksi apre ekspozisyon (PEP) ap bezwen tann.

Moun k ap pran medikaman sa yo pa ta dwe sispann pran medikaman yo preskri yo pou yo ka bay san. Medikaman yo san

danje ak efikas. FDA toujou nan pwosesis pou evalye lòt opsyon pou elaji enklizivite epi redwi estigmatizasyon ak diskriminasyon. Gen kèk defansè ki sijere pou konpayi asirans yo peye pou yon tès chaj viral VIH anvan don aktyèl la pou konfime donatè potansyèl la sewonegatif.

Pwogrè yo sanble diferan chak jou epi pafwa pran plizyè deseni pou yo rive. Defansè yo te konteste premye "entèdiksyon pou tout lavi" FDA a sou don MSM depi li te etabli an 1985 ak ajiste an 2015. Yon gwo mès pou tout defansè nan Connecticut yo ki te pataje vwa yo sou pwoblèm sa a pandan ane yo. Gen anpil travay ki rete toujou.

Plan VIH Entegre a vize elimine disparite, diskriminasyon ak estigmatizasyon. Plan an gen ladann estrateji tankou kanpay TEST CT (Di Tout Moun pou yo Fè Depistaj ak Tès), nouvo lejislasyon sou woutin tès VIH la, itilizasyon yon apwòch net sou sitiyaasyon an nan zafè swen - yon apwòch global moun nan pou prevansyon ak swen VIH, epi plis aksè ak PrEP/PEP. Tout bagay sa yo pral ede mete fen nan epidemi VIH la. Tout sa yo pral ede ogmante kantite moun ki ka sove lavi atravè don san!



PWOCHEN JOUNEN SANSIBILIZASYON YO 2023

30 out -

Jounen Nasyonal Sansibilizasyon Relijye sou VIH/SIDA

18 septanm -

Jounen Nasyonal Sansibilizasyon sou VIH/SIDA ak Vyeyès

27 septanm -

Jounen Nasyonal Sansibilizasyon sou VIH/SIDA Gason Omoseksyèl

6 oktòb -

Jounen Nasyonal Rekonesans DIS (Espesyalis Entèvansyon kont Maladi)

15 oktòb -

Jounen Nasyonal Rekonesans SIDA kay Latino yo

1 desanm -

Jounen Mondyal SIDA



GEN POU FÈT BYENTO

Getting2U se yon podcast pou pwofesyonèl sante ki travay ak moun ki gen plis risk pou yo trape VIH oswa k ap viv ak VIH kounye a. Atravè konvèsasyon kout, ki gen sans ak reyèl, Dante Gennaro, Peta-Gaye Nembhard, ak Doktè Sharen McKay fè entèvyou ak ekspè nan domèn nan pou diskite sou sijè ki pi enpòtan yo epi pataje enfòmasyon enpòtan pou amelyore rezilta sante moun VIH la afekte.





REYINYON CHCP KI GEN POU FÈT

20 septanm	18 oktòb	15 novanm
<p>9:00am: *Reyinyon an pral fèt an pèsòn nan Chrysalis Center nan Hartford.</p> <p>*Reyinyon komite a ap touswit vin apre reyinyon prensipal la</p>	<p>9:00am: Somè sou Kalite 2023 ke Ekip Mezi Kalite ak Pèfòmans (Quality and Performance Measures, QPM) lan ap prezante.</p> <p>9:00am Reyinyon vityèl</p> <p>Klike isit la pou jwenn lyen reyinyon an</p>	<p>9:00am Reyinyon vityèl</p> <p>Reyinyon final CHPC pou 2023</p> <p>*Reyinyon komite a ap touswit vin apre reyinyon prensipal la</p> <p>Klike isit la pou jwenn lyen reyinyon an</p>





CHPC MO MELE

rvopynnesa

tretman

reatntm

tgseatnizsmaioy

istdiaepr

Repons: prevansyon, tretman, tés, estigmatizasyon, disparte



cthivplanning.org